



Re-ouvri New York



Konsiy pou vann an detay sou twotwa ak nan magazen pou anplwayè ak anplwaye yo

Konsiy sa yo aplike pou tout biznis an detay ki pèmèt rekiperasyon sou twotwa oswa nan magazen, ki enkli nan rejyon New York yo te otorize [re-ouvri](#) ansanm ak lòt zòn nan tout eta a kote yo te otorize biznis detay esansyèl yo fonksyone kòm esansyèl epi ofri sèvis rekiperasyon bò lari ak nan magazen kòm yon eleman nan biznis oswa sèvis yo.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout biznis detay dwe rete okouran pou nenpòt ki chanjman nan egzijans eta ak federal ki lye ak aktivite an detay epi mete chanjman sa yo nan operasyon. Konsèy sa a pa gen entansyon ranplase nenpòt ki lwa, lokal, eta, ak lwa federal, règleman, ak estanda ki deja an aplikasyon.

Obligatwa

Distans Fizik

- ✓ Asire distans 6 pye ant pèsònèl la, sòf si sekirite oswa fonksyon debaz nan aktivite travay la mande pou yon distans ki pi kout
- ✓ Pou nenpòt aktivite an detay pou rekiperasyon sou twotwa ak nan magazen, prezans travayè a limite sèlman pou anplwaye ki nesèsè pou mennen aktivite rekiperasyon sou twotwa ak nan magazen yo, men pa plis pase 50% nan okipasyon maksimòm pou yon zòn patikilye jan sa defini nan sètifika okipasyon an, ansanm ak kliyan k'ap fè kòmand ki dwe kenbe yon separasyon de 6 pye pa rapò ak lòt moun epi yo mete yon kouvèti vizaj akseptab.
- ✓ Nenpòt lè pèsònèl la mwens pase 6 pye distans youn ak lòt oswa yon kliyan e san yon baryè fizik (pa egzanp pleksiglas), pèsònèl la dwe mete kouvèti vizaj ki akseptab.
- ✓ Ti espas (pa egzanp, asansè, ti sal estokaj, dèyè kès, koulwa etwa kote machandiz yo ye) ta dwe okipe pa yon moun sèlman an menm tan, sof si tout moun yo mete kouvèti vizaj.
- ✓ Si yo genyen plis pase yon moun, kenbe okipasyon an anba 50% kapasite maksimòm nan.
- ✓ Limite reyinyon an pèsòn ki pa esansyèl yo tout tan sa posib.
- ✓ Etabli espas ki deziye pou ramasaj ak livrezon, pandan N'ap limite kontak yo tout tan sa posib.
- ✓ Anplwayè yo dwe bay anplwaye yo yon kouvèti vizaj akseptab san peye epi prepare yon apwovizyonman kouvèti sifizan nan ka ranplasman.
- ✓ Pami bagay ki akseptab yo pou kouvri figi genyen, pami lòt, twal (paregzanp bandana ki koupe ak koud lakay) ak mask chirijikal, sòf si nati travay la egzije PPE pi estrik (paregzanp respiratè N95, ekran pou figi).

Pi bon Pratik yo Rekòmande yo

- ✓ Kreye lòt espas pou anplwaye yo lè w limite prezans fizik yo a pèsònèl ki nesèsè a sèlman pou travay aktyèl la (yo), ajiste orè vant an detay la pou repati anplwaye ak trafik kliyan yo sou yon peryòd tan ki pi long, repati lè arive /depa yo, kreye ekip A / B.
- ✓ Modifye itilizasyon epi / oswa diminye kantite espas travay ak zòn anplwaye yo chita pou kenbe distans 6 pye a.
- ✓ Si li pa posib, bay epi mande pou kouvri figi oswa adopte baryè fizik (tankou miray pwoteksyon an plastik), dapre [konsèy OSHA yo](#) nan zòn kote ki pa gen ekoulman lè, chofaj, refwadisman oswa vantilasyon.
- ✓ Redwi sikilasyon a pye nan de sans pandan n'ap afiche pano ak flèch nan lale, koulwa, oswa espas etwat yo.
- ✓ Repati lè pou kliyan yo rive lè w avize tranch lè rekiperasyon yo epi evite transfè dirèk yo.
- ✓ Deziyen epi ranje espas atant kliyan yo (pa egzanp liy, espas paking) pou maksimize distans sosyal, epi mete anplas yon sistèm livrezon san touche kote kliyan yo rete nan machin yo pandan livrezon an ap fèt.
- ✓ Ankouraje kliyan yo itilize opsyon pèman san kontak oswa peye davans.
- ✓ Itilize tele-oswa videyo-konferans lè sa posib. Rasanbleman an pèsòn yo (egz: reyinyon) ta dwe fèt nan espas ouvè, ki gen bon van ak distans sosyal apwopriye pami patisipan yo.
- ✓ Entèdi vizitè ki pa esansyèl nan plas vant an detay la.
- ✓ Itilize tep pou afiche mak distans sosyal la oswa pano pou endike 6 pye espas nan zòn moun itilize ak lòt zòn posib (eg: estasyon pou tcheke antre/soti, estasyon depistaj sante, kès lajan).

STAY HOME.

STOP THE SPREAD.

SAVE LIVES.



Re-ouvri New York



Konsiy pou vann an detay sou twotwa ak nan magazen pou anplwayè ak anplwaye yo

Konsiy sa yo aplike pou tout biznis an detay ki pèmèt rekiperasyon sou twotwa oswa nan magazen, ki enkli nan rejyon New York yo te otorize [re-ouvri](#) ansanm ak lòt zòn nan tout eta a kote yo te otorize biznis detay esansyèl yo fonksyone kòm esansyèl epi ofri sèvis rekiperasyon bò lari ak nan magazen kòm yon eleman nan biznis oswa sèvis yo.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout biznis detay dwe rete okouran pou nenpòt ki chanjman nan egzijans eta ak federal ki lye ak aktivite an detay epi mete chanjman sa yo nan operasyon. Konsèy sa a pa gen entansyon ranplase nenpòt ki lwa, lokal, eta, ak lwa federal, règleman, ak estanda ki deja an aplikasyon.

	Obligatwa	Pi bon Pratik yo Rekòmande yo
Ekipman Pwotektif	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Kouvèti vizaj yo dwe netwaye oswa ranplase apre itilizasyon oswa lè yo andomaje oswa kontamine, men yo pa dwe pataje, e yo ta dwe byen stoke oswa jete. ✓ Limite pataj objè (egz: kès lajan) epi dekouraje touche sifas pataje; oswa, lè gen kontak ak objè pataje oswa espas moun frekante souvan, mete gan (sa ki apwopriye pou komès oswa medikal); oswa, dezenfekte oswa lave men avan ak apre kontak. 	
Ijyèn, Netwayaj ak Dezenfeksyon	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Adere a egzijans ijyèn ak asenisman yo ki soti nan Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) ak Depatman Sante (Department of Health, DOH) epi kenbe rejis netwayaj nan espas la ki gen ladan dat, tan, ak anvègi netwayaj yo. ✓ Bay e kenbe estasyon ijyèn men pou responsab yo, ansanm ak lave men ak savon, dlo, ak papyè, ansanm ak dezenfektan pou men ki fèt a baz alkòl ki gen 60% oswa plis alkòl pou espas kote lave men pa posib. ✓ Bay e ankouraje anplwaye yo itilize founiti netwayaj/dezenfeksyon yo avan e apre itilizasyon espas pataje e ki touche souvan yo. ✓ Asire yo mete gan pandan y'ap manyen nenpòt pwodwi manje. ✓ Dezenfekte men yo anvan ak apre transfè yon chajman (pa egzanp kamyon) machandiz. ✓ Fè yon netwayaj ak dezenfeksyon regilye pou pi piti apre chak orè, chak jou, oswa pi souvan kòm sa dwa, e netwayaj ak dezenfeksyon objè pataje yo souvan (egz: kès lajan) ak sifas yo, ansanm ak espas ki frekante souvan yo, tankou twalèt ak espas komen. ✓ Itilize pwodui Ajans Pwoteksyon Anviwònmanal (Environmental Protection Agency, EPA), Depatman Prezèvasyon Anviwònmanal la (Department of Environmental Conservation, DEC) idantifye ki efikas kont COVID-19 la. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Prepare yon plan pou resi ak revann machandiz ki retounen yo, oswa modiye politik yo pou asire sekirite anplwaye ak kliyan yo. ✓ Nenpòt kote sa posib, ogmante van k'ap soti deyò a (egz: ouvèti fenèt ak pòt) pandan n'ap kenbe prekosyon sekirite yo. ✓ Ankouraje anplwaye yo vini ak manje ki fèt lakay yo epi rezève espas sifizan pou anplwaye yo obsève distans sosyal la pandan y'ap manje repa yo.

STAY HOME.

STOP THE SPREAD.

SAVE LIVES.



Re-ouvri New York



Konsiy pou vann an detay sou twotwa ak nan magazen pou anplwayè ak anplwaye yo

Konsiy sa yo aplike pou tout biznis an detay ki pèmèt rekiperasyon sou twotwa oswa nan magazen, ki enkli nan rejyon New York yo te otorize [re-ouvri](#) ansanm ak lòt zòn nan tout eta a kote yo te otorize biznis detay esansyèl yo fonksyone kòm esansyèl epi ofri sèvis rekiperasyon bò lari ak nan magazen kòm yon eleman nan biznis oswa sèvis yo.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout biznis detay dwe rete okouran pou nenpòt ki chanjman nan egzijans eta ak federal ki lye ak aktivite an detay epi mete chanjman sa yo nan operasyon. Konsèy sa a pa gen entansyon ranplase nenpòt ki lwa, lokal, eta, ak lwa federal, règleman, ak estanda ki deja an aplikasyon.

	Obligatwa	Pi bon Pratik yo Rekòmande yo
Ijyèn, Netwayaj ak Dezenfeksyon (kontinye)	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Si pwodui netwayaj oswa dezenfektan yo oswa aksyon netwaye ak dezenfekte a lakòz danje oswa degrade materyo yo oswa aparèy yo, pèsònèl la dwe kapab jwenn yon pòs ijyèn men apre chak itilizasyon ak/oswa yo dwe ba li gan dispozab. ✓ Entèdi manje ak bwason pataje (egz: repa nan stil bifè.) 	
Kominikasyon	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Afime ke ou te revize e konprann konsèy eta a te pibliye sou endistri a, epi w'ap aplike yo. ✓ Afiche siyalizasyon anndan tankou deyò tout lokal vann an detay la pou raple responsab ak kliyan pou respekte ijyèn nòmal la, prensip distans sosyal yo, itilizasyon nòmal PPE yo ak pwotokòl netwayaj ak dezenfeksyon. ✓ Fòme tout responsab sou nouvo pwotokòl yo e kominike konsèy sekirite yo souvan. ✓ Si yon travayè, vizitè oswa kliyan te gen kontak depre oswa sere ak lòt moun nan lokal vant an detay la e li teste pozitif pou COVID-19 la, patwon an dwe fè depatman sante eta ak lokal yo konn sa touswit epi kopere avèk efò pou retrase kontak yo, ki enkli mete kontak posib yo okouran, tankou travayè oswa vizitè ak / oswa kliyan (si yo konnen) ki te gen kontak pre oswa sere avèk moun nan, epi an menm tan kenbe konfidansyalite lwa ak règleman eta ak federal yo egzijè. ✓ Afiche byen klè plan sekirite nan espas la. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Itilize rezo sosyo, kominikasyon vèbal, ak siy pou bay kliyan yo enstriksyon pou fè kòmand / rekiperè epi ankouraje yo itilize kouvèti vizaj lè 6 pye distans lan pa ka kenbe dapre ensiy CDC ak DOH yo. ✓ Etabli yon plan kominikasyon pou anplwaye, vizitè, ak kliyan yo ak mwayen pou bay enfòmasyon resan.

STAY HOME.

STOP THE SPREAD.

SAVE LIVES.



Re-ouvri New York



Konsiy pou vann an detay sou twotwa ak nan magazen pou anplwayè ak anplwaye yo

Konsiy sa yo aplike pou tout biznis an detay ki pèmèt rekiperasyon sou twotwa oswa nan magazen, ki enkli nan rejyon New York yo te otorize [re-ouvri](#) ansanm ak lòt zòn nan tout eta a kote yo te otorize biznis detay esansyèl yo fonksyone kòm esansyèl epi ofri sèvis rekiperasyon bò lari ak nan magazen kòm yon eleman nan biznis oswa sèvis yo.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout biznis detay dwe rete okouran pou nenpòt ki chanjman nan egzijans eta ak federal ki lye ak aktivite an detay epi mete chanjman sa yo nan operasyon. Konsèy sa a pa gen entansyon ranplase nenpòt ki lwa, lokal, eta, ak lwa federal, règleman, ak estanda ki deja an aplikasyon.

Obligatwa

Pi bon Pratik yo Rekòmande yo

Depistaj

- ✓ Anplwaye ki malad yo ta dwe rete lakay yo oswa retounen lakay, si yo tonbe malad nan travay la.
- ✓ Kreye evalyasyon depistaj sante obligatwa (egz: kesyonè, kontwòl tanperati) avan anplwaye yo kòmanse travay chak jou epi pou vizitè esansyèl yo (men kliyan pa ladan l), pou mande konsènan (1) [sentom](#) COVID-19 la nan 14 jou pase yo, (2) tès COVID-19 pozitif nan 14 jou pase yo, ak/oswa (3) kontak sere ak yon ka COVID-19 konfime oswa sispèk nan 14 jou pase yo. Repons evalyasyon yo dwe revize chak jou e revizyon sa yo dwe dokimante.
- ✓ Gen yon plan pou netwayaj, dezenfeksyon, ak rechèch kontak nan moman yon ka pozitif.
- ✓ Ajan kontwòl ki sou plas yo dwe fòme pa moun ke anplwayè a idantifye ki fanmiye ak pwotokòl CDC, DOH, OSHA, yo epi yo dwe mete ekipman pwoteksyon ki apwopriye (PPE), ansanm ak o minimòm, yon kouvèti vizaj.

- ✓ Fè depistaj adistans (pa egzanp: pa telefòn oswa ankèt elektwonik), avan ou deklare sa sou sit la, tout tan sa posib.
- ✓ Ankouraje— men pa egzije — kliyan yo fè yon depistaj sante epi bay enfòmasyon kontak yo pou yo ka anrejistre epi kontakte yo pou retrace yo si li nesesè.
- ✓ Konsilte [konsèy](#) DOH a sou pwotokòl ak règleman pou anplwaye k'ap chèche retounen nan travay apre yo sispèk oswa konfime yon ka COVID-19 oswa apre yon anplwaye te gen kontak sere oswa kontak pwòch ak yon moun ki gen COVID-19 la
- ✓ Kenbe yon rejis chak moun, ki enkli travayè ak vizitè ki ka gen kontak sere oswa rapwoche ak lòt moun nan sit oswa nan espas travay la; retire kliyan epi retire livrezon ki fèt ak PPE ki apwopriye oswa pa mwayen san kontak.